Jesu anonyengetera ari muGetsimani

1. Zuva rokuroverwa kwake risati rasvika, Jesu akaenda akenda kubindu kundonyengetera. Ko Jesu anoti akanzwa sei?
2. Ndevapi vadzidzi vatatu vaakenda mberi naJesu mubindu?
3. Ko sei Jesu akaenda nevadzidzi ava?
4. Ko sei Jesu asina kufara nevadzidzi ava?
5. Ko Jesu akanyengetera kanokwana kangani?
6. Ko Jesu akakumbira Baba vake kuti vaitei.
7. Jesu zvaaiziva kuti aizotambudzika, uye nokuzofa, ko sei akanyengetera?
8. Ko Jesu aipedzisa minyengetero yake sei? Ko izvi zvinorevei?
9. Uchiri kurangarira here imwe nguva yawakakumbira vamwe kuti vanamate newe?
10. Ko unonzwa sei kana Mwari akapindura munamato wako neimwe nzira yaunenge usingatarisire? Unogona here kuvimba murudo rwaMwari ruzere, zvokuti ungati, “Kuda kwenyu ngakuitwe?” Ko ndoupi munamato unodikanwa unosanganisira mashoko awa? Apo unenge uchinamata munamato uyu, gadzirira mwoyo wako kubvuma kuita kuda kwaMwari.

Jesu Anonyengetera



Farai nguva dzose; rambai muchinyengetera.
1 Vatesaronika 5:16-17

Munamato waShe Jesu

Baba vedu vari kudenga, Zita renyu ngarikudzwe.
Ushe hwenyu ngahuuye, Kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezvakunoitwa kudenga.
Tipei nhasi zvokudya zvedu zvinotiringana, tikanganwirei mhosva dzedu sezvatinokanganwira avo vanotitadzira.
Musatipinza pakuedzwa asi tirwirei pane zvakaipa. Nokuti Ushe ndohwenyu, nesimba nokubwinya, nokusingaperi. Ameni

Jesu anonyengetera Panguva Yeshumiro Yake

Ruka 5:15-16 ~ Asi mukurumbira wake wakapararira kwazvo, zvokuti vanhu vazhinji zhinji vakauya kuzomunzwa uye kuti vaporeswe zvirwere zvavo. Asi Jesu kazhinji aizvitsaura achienda kusina vanhu kuti andonyengetera.

Ruka 6:12-13 ~ Nerimwe ramazuva iwayo, Jesu akabuda akaenda kugomo kuti andonyengetera, uye akapedza usiku hwose achinyengetera kuna Mwari. Fume mangwana, akadana vadzidzi vake akasarudza gumi navaviri pakati pavo, avo vaakatumidza kuti vapostori:

Ruka 9:28-29 ~ Mazuva angasvika masere akati apera, shure kwokunge Jesu ataura izvozvo, akatora Petro naJohani naJakobho pamwe chete naye akakwira mugomo kundonyengetera. 29Akati achinyengetera, kuonekwa kwechiso chake kwakashanduka, nguo dzake dzikachena dzikapenya sokupenya kwemheni.

Jesu anonyengetera ari pamuchinjikwa

Ruka 23:46 ~ Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Baba, ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu.”

Mateo 26:36-46 - *Jesu muGetsemani*

Ipapo Jesu akaenda navadzidzi vake kunzvimbo inonzi Getsemani, uye akati kwavari, “Garai pano ini ndichienda apo kundonyengetera.” 37 Akatora Petro navanakomana vaZebhedhi vaviri akaenda navo, uye akatanga kuva neshungu, uye akatambudzika. 38 Ipapo akati kwavari, “Mweya wangu uri kushungurudzika kwazvo kusvika pakufa. Garai pano uye murinde pamwe chete neni.”

39 Akaenda mberi zvishoma, akawira pasi nechiso chake akanyengetera achiti, “Baba vangu, kana zvichibvira mukombe uyu ngaubviswe kwandiri. Asi kwete kuda kwangu asi kuda kwenyu.”

40 Ipapo akadzokera kuvadzidzi vake akavawana vavata. Akabvunza Petro achiti, “Varume, matadza kurinda neni kweawa imwe chete? 41 Rindai uye munyengetere kuti murege kupinda mukuedzwa. Mweya unoda, asi muviri wakaneta.”

42 Akaendazve kechipiri akanyengetera achiti, “Baba vangu, kana zvisingagoni kuti mukombe uyu ubviswe kwandiri kunze kwokutenge ndaunwa, kuda kwenyu ngakuitwe.” 43 Paakadzoka, akavawanazve vavata nokuti meso avo akanga azere nehope.

44 Saka akavasiya akaendazve uye akanyengetera kechitatu, achitaura zvimwe chetezvo. 45 Ipapo akadzokazve kuvadzidzi akati kwavari, “Muchakavata uye muchakazorora here? Tarirai, nguva yava pedyo, uye Mwanakomana woMunhu ari kupandukirwa achiiswa mumaoko avatadzi. 46 Simukai, ngatichiendai! Anondipandukira uya ouya!”

(Verengawo Marko 14:32-42, Ruka 22:40-46)